



City of Boston Housing

SANT AKÈY BOSTON

Sibvansyon Asistans Teknik Pou Inite Lojman Adisyonèl

Èske w enterese bati yon Inite Lojman Adisyonèl (ADU) sou pwopriyete w la? Sant Kay Boston ofri sipò pèsònèl ak asistans finansye pou demare pwojè ADU ou a !

Avèk Pwogram Sibvansyon Asistans Teknik ADU a, pwopriyetè kay ki elijib yo resevwa finansman sible ak konsèy anplwaye yo pandan tout faz pre-konstriksyon rechèch, konsepsyon, ak pèmi pou pwojè ADU a. Pwopriyetè kay yo asosye ak yon Espesyalis Konstriksyon Sant Akèy Boston ki bay enfòmasyon enpòtan sou egzijans kòd pou bati yon ADU. Lè sa, pwopriyetè kay yo ka itilize enfòmasyon sa yo pou ede detèmine konsepsyon ADU yo, epi yo ka resevwa **yon sibvansyon jiska \$7,500** pou ede ak depans ki asosye ak konsepsyon ak jwenn pèmi pou pwojè yo a.

***Kontakte: 617.635.4663 oswa adu@boston.gov pou plis enfòmasyon oubyen pou aplike ***

Kiyès ki kalifye pou Sibvansyon Asistans Teknik ADU a?

- Moun ki abite vil Boston ki posede epi okipe yon kay 1-3 inite;
- Pwopriyetè kay ki gen revni anyèl kay yo ki pa depase 135% Revni Medyàn Zòn nan jan yo defini nan tablo ki anba a;

LIMIT REVNI	
GWOSÈ FWAYE A	135% AMI (Revni Medyàn Zòn nan)
1- MOUN	\$154,170
2- MOUN	\$176,310
3- MOUN	\$198,315
4- MOUN	\$220,320
5- MOUN	\$238,005
6- MOUN	\$255,690

- Pwopriyetè kay yo dwe aktyèl ak tout kont vil Boston ak kay la, ki genyen ladan taks kay la ak bòdwo dlo; ipotèk ak asirans kay la;
- Pwopriyetè ki gen mwens pase \$100,000 nan byen finansye, kit se lajan kach, ekite ki pa byen imobilye prensipal, fon investisman, oswa nenpòt lòt bagay ki gen valè,



City of Boston Housing

eksepte byen yo itilize pou bati ILA, ekite rezidans prensipal pwopriyetè kay la ak lajan retrèt gouvènman an apwouve ak plan epay edikasyon

- Pwopriyetè kay la dwe pa t resevwa asistans finansye pou reparasyon kay nan yon pwogram Vil Boston nan dènye dis (10) ane yo, eksepte lajan transfè

Ki frè ki elijib pou ranbousman atravè Sibvansyon Asistans Teknik ADU a?

Depans ki fèt pandan konsepsyon ak jwenn pèmi pou yon pwojè ADU elijib pou ranbousman, jiska yon kantite maksimòm konbine \$7,500. Depans komen pwopriyetè kay yo ka soumèt pou ranbousman yo se:

- Yon depo oswa yon frè avans pou yon kontraktè jeneral
- Frè ki asosye ak sèvis achitekti/apantaj tè/enjenyè
- Frè pèmi ki asosye avèk yon aplikasyon pou pèmi konstriksyon ak Depatman Sèvis Enspeksyon
- Frè Komisyon Apèl pou Zonaj

Kilè m ap resevwa lajan pou ranbousman an?

Pwopriyetè kay k ap patisipe nan pwogram Asistans Teknik ADU a ap resevwa sibvansyon ranbousman an aprè yo fin 1) resevwa yon pèmi konstriksyon apwouve pou konstwi ADU yo nan men Depatman Sèvis Enspeksyon an epi 2) enskri nan Pwogram Prè ADU Sant Akèy Boston an

*** Kontakte: 617.635.4663 oswa adu@boston.gov pou plis enfòmasyon oubyen pou aplike ***